

.....

## CHAPIT 5

### Prevansyon enfeksyon

#### Nan chapit sa a:

<b>Prevansyon enfeksyon sove la lav</b> .....	<b>49</b>
Jèm lakòz enfeksyon . . . . .	49
Kouman jèm antre nan kò moun . . .	50
<b>Prevni enfeksyon lè w evite jèm</b> .....	<b>52</b>
<b>Lave men w epi mete bagay ki ka pwoteje kò w</b> .....	<b>53</b>
Lave men w souvan . . . . .	53
Pwoteje tèt ou anba enfeksyon . . . .	56
Mete gan . . . . .	54
<b>Netwaye kote a ak kabann nan</b> .....	<b>57</b>
Netwaye kote a . . . . .	57
Netwaye epi esterilize kabann nan .	58
<b>Clean and sterilize tools</b> .....	<b>59</b>
Mete zouti yo tranpe . . . . .	59
Boiling . . . . .	62
Netwaye zouti w yo . . . . .	59
Steaming . . . . .	62
Esterilize zouti w yo . . . . .	59
Using chemicals . . . . .	63
Mete nan fou (anfounen). . . . .	61
Some equipment needs special care . .	65
Machin espesyal . . . . .	61
<b>Jete dechè ak prekosyon</b> .....	<b>67</b>
Antere dechè . . . . .	68

# Prevni Kont enfeksyon




## Prevani Kont enfeksyon sove lavi

Enfeksyon fè moun malad e li menm ka touye yo. Se youn nan bagay ki pi lakòz lanmò tibebe ki fenk fèt. Teknik kote yo mete zouti andedan matris fanm, tankou sterilè, ponp aspiratè ak men (MVA), ka lakòz enfeksyon tou. Pifò travay yon fanmsaj, ak nenpòt teknik andedan matris la, ap sennesòf si'w ka swiv metòd n'ap bay nan chapit sa a sou kouman pou'w prevni enfeksyon.



Poupou ka bay jèm maladi, menm poupou ki fin netwaye.

Chapit sa eksplike kouman pou w prevni enfeksyon nan jan w'ap touye oswa kontwole tout move jèm. Jèm se bagay ki bay maladi. Jèm tout kote, men yo tèlman piti ke se nan mikroskòp sèlman ou ka wè yo. Jèm danjere ki nan san, nan poupou, nan bagay dlo, ak salte ka lakòz maladi serye lè yo nan kè moun.



Jèm maladi rete nan likid ki nan kò moun, likid tankou san.


## Jèm lakòz enfeksyon

Kèk maladi, tankou rimatis, dyabèt, azma ak epilepsy (maladi kriz tonbe), se pa jèm ki lakòz yo. Yo pa ka soti nan yon moun pou ale sou yon lòt.


Lòt maladi, tankou saranpyon, epatit, tetanòs, enfeksyon nan matris, SIDA/VIH, ak malarya, rele enfeksyon epi se jèm maladi ki bay yo. Lè jèm sa yo ki bay enfeksyon antre andedan kò yon moun, yo lakòz moun tonbe malad.

## Kouman jèm maladi antre nan kò moun


Jèm maladi ka antre nan kò moun plizyè fason.




**Gen jèm ki antre pa mwayen espèm ak likid nan vajen** likid nan kò)lè moun ap fè lanmou. Maladi ki ka simaye konsa se VIH ak lòt maladi moun ka pran lè yo ap fè lanmou tankou klamidya ak ekoulman



**Gen jèm ki antre pa mwayen san** lè san an oswa likid ki nan kò mounki enfekte a antre nan yon blese oswa nan po yon lòt moun – tankouavèk yon zegwi ki fin sèvi pou pèse oswa pou bay piki. VIH/SIDA, epatit B, ak epatit C ka simaye konsa tou.



**Gen jèm ki viv nan dlo sal** epi yo antre lè moun bwè dlo a. Se konsa maladi kolera ak dyare simaye.



**Gen jèm ki viv nan salte, sou po, oswa nan lè** men yo pa danje amwens keyo antre san yon moun. Jèm sa yo ka antre nan san an lè yon zouti kigen jèm nan ladan li sèvi andedan matris manman an, oswa pou koupe chè a osinon pou koupe lonbrit la. Se konsa tetanòs ak enfeksyon nan matris ka simaye.



**Gen jèm ki soti nan lè** a lè yon moun malad touse oswa estènen. Se konsa maladi grip ak tibèkiloz ka simaye.

### **Pa kite moun malad ale kote ki gen akouchman**

Yon nan bagay ki trè senp ke fanmsaj ka fè pou anpeche enfeksyon se pa kite moun malad rete kote fanm ki ansent ni kote fanm kap akouche.

Anpeche nenpòt moun ki gen maladi nan gòj, tous, lafyèv, oswa lòt maladi ki ka simaye pa mwayen move jèm rete kote akouchman. Epi pa janm kite yon moun ki gen yon blese nan men oswa nan figi touche tibebe ki fenk fèt.



- O Bondye! Janine gen tranche alò ke mwen gen lafyèy!

- M'ap oblije mande yon lòt fanmsaj al fè akouchman an



- Men se mwen sèl ki fanmsaj nan zòn nan! Mwen oblije ale nan akouchman an!

Si w malad men ou oblije ale fè akouchman an, lave men w souvan epi kouvri bouch ou lè w'ap estènen ak lè w'ap touse. Ou dwe sèten ke w lave men ou chak fwa w fin estènen epi chak ou fin touse. Eseye pa touche tibebe a twòp

## Nenpòt moun ka gen jèm maladi sou li

Nenpòt moun ka gen jèm maladi sou li

Nou pa toujou konnen si nou gen enfeksyon. Epi li pa toujou fasil pou w konnen ki jèm yon moun genyen si w sèlman ap gade l. Gen moun ki pote jèm maladi nan san yo oswa nan likid ki nan kò yo. Pou pi bon pwoteksyon, epi pou evite simaye enfeksyon tankou epatit Ak 4VIH/SIDA, travayè lasante dwe ajji kòm si tout moun ta gen move jèm nan likid ki nan kò yo.

Travayè lasante ka anpeche jèm maladi simaye si yo:


- mete gan ak rad ki bay pwoteksyon, pou anpeche san ak lòt likid tombe sou yo ak sou lòt moun.
- netwaye epi esterilize zouti y'ap sèvi pou akouchman an ak nan lòt pwosedè.



**Nòt:** Bon kalite sante nan tout bagay ka ede prevni enfeksyon. Manje byen, repoze byen, byennèt emosyonèl ak byennèt espirityèl se bagay ki enpòtan pou pèmèt yon moun rete an bòn sante. Gen de lò bagay sa yo sifi pou pèmèt yon moun lite kont jèm maladi ki antre nan kò a pou moun nan pa tombe malad. Men nan akouchman ak nan lòt pwosedè medikal, piske kò fanm nan pi louvri li pi fasil pou li pran enfeksyon; lè sa a, menm bon jan kalite sante pa sifi. Jèm ki nòmalman pa antre andedan kò a ka tombe nan matris la. Nenpòt ti blese nan kò fè moun vin pi fasil pou li pran enfeksyon paske leplisouvan po a anpeche jèm nan antre andedan kò a. Menm piki ka lakòz enfeksyon si sereng nan gen move jèm ladan l.


## Prevni enfeksyon lè w evite jèm

Men jan ki pi fasil pou'w prevni enfeksyon.




### Lave men w epi mete bagay ki ka pwoteje kò w.

Lave men w souvan epi mete rad ki ka pwoteje'w pou w ka anpeche jèm simaye soti sou yon moun pou ale sou yon lòt e pou w anpeche jèm antre sou ou (wè paj 53).




### Netwaye kote a ak kabann nan.

Netwaye kote akouchman an ak egzamen yo ap fèt, pou w ka evite jèm (wè paj 57).



### Netwaye epi esterilize zouti yo.

Lave zouti yo epi esterilize yo pou w ka detwi jèm ki kole sou yo (wè paj 59).



### Jete fatra ak prekosyon.

Voye fatra yo jete ak anpil prekosyon pou w ka anpeche moun nan kominote a tombe malad akòz de jèm ki nan fatra yo (wè paj 67).

**Chonje:** Enfeksyon ka simaye pi vit lè yon travayè lasante ap okipe anpil moun. Pa egzanp, si men pa pwòp oswa si zouti l pa esterilize, l'ap pase jèm ki soti nan yon fanm pou ale nan yon lòt. Se pou tèt sa, yon fanm ki ap akouche nan yon lopital oswa nan yon sant pou akouchman kote ki gen anpil lòt fanm gen plis chans pou yo fè enfeksyon ke fanm ki akouche lakay.

### Sèvi ak liv sa a nan fason kap pi bon pou ou

Chapit sa a gen anpil enfòmasyon an detay sou koze prevni kont enfeksyon. Tout enfòmasyon sa yo enpòtan, men se pa yo tout ki posib. Se ou ki pou deside ki lès ladan yo w ap ka fè, osinon chache wè si gen fason ke ka adapte enfòmasyon sa yo pou ede'w fè travay ou pi byen.



## Lave men'w epi mete bagay ki ka pwoteje kò w

### Lave men w souvan

Lave men w se youn nan bagay ki pi enpòtan ou ka fè pou w prevni enfeksyon. Sa anpeche'w simaye jèm bay lòt moun, epi sa pwoteje w pou jèm pa antre sou ou. Menm si w pa ka fè okenn lòt bagay pou prevni enfeksyon, ou dwe lave men w. Lave men'w ak savon ak dlo pwòp. Si w pa gen savon, w ka sèvi ak sann dife (men pa sèvi ak salte oswa te). Ou dwe asire'w ke'w rense tout kras savon an oswa tout kras sann nan. Lè w lave men w, sitou lè ou rense yo, sèvi ak dlo pwòp kap koule; pa sèvi ak dlo ki rete nan kivèt. Lè w lave men'w nan kivèt, jèm ki tombe nan dlo a ap retounen kole nan men w ankò. Lave men'w chak fwa w pral touche kò yon fanm. Epi lave men'w ankò lè w fin touche kò fanm nan, oswa lave men'w chak fwa ou fin touche yon bagay ki gen san fanm nan oswa likid ki soti nan kò fanm nan (tankou placenta a) ladan l. Lave men'w anvan ou mete gan e apre'w retire gan an. Si w'ap ede plizyè fanm alafwa, takou nan yon lopital, li enpòtan pou'w lave men'w chak ou fin ede yon fanm epi anvan ou ede lòt fanm nan. Lè ou lave men'w nòmalman, sa ap ede retire pifò jèm. Men gen de lè pou'w ka retire pifò jèm, ou dwe lave men'w pou 3 minit anplèn, epi byen dekrase anba zong ou.



### Kouman pou w lave men w pou 3 minit

Anvan w kòmanse, retire bag, braslè, ak tout lòt bijou.



Lave men w ak ponyèt w avèk savon ak dlo pwòp – jis anwo rive nan koud ponyèt w.




Asire w ke w byen dekrase nan mitan dwèt yo.



Si w gen yon bròs pwòp, dekrase zong w yo.



Kontinye fwote, brose, ak lave men ou pou 3 minit! Pase pifò tan sa a ap netwaye pati men an.



Rense avèk dlo pwòp kap koule.



Kite men'w seche pou kont li olye pou w sèvi ak sèvyèt. Pa manyen anyen jiskaske men'w fin sèch.

### Toujou lave men w pou 3 minit

#### Anvan ou:

- touche vajan manman an
- egzaminen basen manman an
- akouche tibebe a
- anvan w antre aparèy sterile (wè Chapit 21, paj 388)
- koud yon dechiri
- fè aspiratè manyèl MVA (wè Chapit 23, paj 416)



#### Aprè w:

- fin netwaye aprè akouchman an
- manyen san oswa lòt likid nan kò fanm nan
- pipi oswa poupou

### Alkòl ak gliserin pou netwaye men

Si'w pa gen dlo pou lave men w, ou ka fè pwòp pwodui pa'w pou lave men'w. Si'w sèvi ak pwodui netwayaj sa a byen, l'ap detwi pi fò jèm ki nan men'w yo.

Melanje 2 mililit gliserin avèk 100-mililit alkòl etil oswa izopwopil 60% rive 90%.

Pou'w lave men'w, fwote anviwon 5 mililit (1 tikiyè) pwodui netwayaj la nan men w. Fè sèten ke'w netwaye nan mitan dwèt w ak anba zong ou. Kontinye fwote jiskaske men'w vin pwòp. Piga'w ni rense men'w oswa siye li ak twal.

#### Dlo pwòp

Nan tout liv sa a nou pale pou di kouman li enpòtan pou w lave men w ak zouti w'ap sèvi yo. Men dlo w'ap sèvi a dwe pwòp pou li ka itil. Si dlo nan zòn nan gen move jèm ladan'l, li dwe bouyi anvan'w sèvi avèk li oswa pou lave zouti yo anvan akouchman an.



### Mete gan


Gan ki fèt ak latèks oswa an plastik ka



pwoteje fanm yo kont nenpòt jèm ki ka kache anba zong ou oswa sou po w. Epi tou yo ka ede'w pou'w pa trape enfeksyon. Sèvi ak gan ki pwòp chak fwa w'ap manyen yon pati jenital yon fanm, oswa lè w'ap manyen san ak lòt likid nan kò li. Si w'ap fè nenpòt lòt pwosedi ki ka danjere, oswa w'ap manyen zouti ki esterilize, ou dwe sèvi ak gan ki esterilize.

#### Gan sache plastik


Si'w pa gen gan, sèvi ak sache plastik ki te lave ak savon dezenfektan.




Sache pi difisil pou sèvi pase gan, men li pi bon olye pou'w pa sèvi ak anyen.

Nan rèz liv la, n'ap pale de gan sèlman. Men ou mèt sèvi ak sache plastik si'w pa gen gan.


**Kouman pou w mete gan esterilize**




1  
Louvri pake a san w pa touche gan yo. Pa touche deyò gan esterilize a ak men w, osinon li pap esterilize ankò.




2  
Lave men w ak anpil prekosyon. Kite yo sèch nan lè pou kont yo.



3  
Gan yo ta dwe tou pliye nan pwayè kote pou'w rantrè men'w lanpwayè kote pou'w rantrè men'w lan. Pran gan an sou andedan kote ki pliye a epi glise men'w andedan li. Pa touche deyò gan an.



4  
Mete men'w andedan gan an pendant wap rale gan desan pa andedan ak dwet nan lot men an.



5  
Pran dezyèm gan an pandan w glise men ki gen premye gan anba kote ki pliye a.



6  
Lè w fin mete tou 2 gan yo, pa touche anyen ki pa esterilize – osinon, gan yo pap esterilize ankò.

**Fè pratik ak menm pè gan sa a plizyè fwa ankò jiskaske'w ka fè li san pwoblèm.**

**CHONJE:**



Si w lave men w trè byen...



epi w mete gan esterilize...



epi w grate tèt ou...



gan an pa esterilize ankò!

Se vre, lè w manyen yon fanm w'ap gen jèm nan gan an, men piga w simaye jèm soti yon kote nan kò li pou ale yon lòt kote. Pa egzanp, si w manyen twou deyò li ki gen anpil move jèm, piga'w mete men'w andedan vajen li avèk menm gan an. Jèm ki soti nan twou deyò li ka fè yon fanm malad si yo ale tombe nan vajen an oswa nan matris la.

Aprè'w fin sèvi ak yon pè gan yon fwa, voye li jete, oswa esterilize yo anvan'w sèvi avèk yo ankò (wè paj 66).



## Pwoteje tèt ou kont enfeksyon

Fanmsaj dwe pwoteje tèt yo anba move jèm ak enfeksyon. Ou pap ka ede medam yo si'w malad. Epi tou si'w enfekte ak jèm maladi, ou ka fasilman simaye yo bay medam w'ap eseye ede yo. Kèk nan jèm ki ka bay maladi ki danjere anpil, takou SIDA ak epatit B, viv sèlman nan san, pipi, pou pou, sak dlo ti bebe a, ak lòt likid kin an ko moun. Sa vle di, ou pap pran maladi sa yo jis paske'w manyen kò yon moun. Men jèm ki bay SIDA ak epatit ka enfekte'w si san moun ki gen maladi a antre nan on blese oswa nan nenpòt kote ki louvri nan po w – menm si se yon ti blese ki sitèlman piti ke w paka wè'l (wè paj 99 pou w li sou tout jan 4VIH kapab simaye). Pa kite san ak lòt likid ki soti nan ko moun mouye rad ni kò'w, e si yo mouye'w, lave kote kite mouye a rapid san pèdi tan avèk savon ak dlo.

### Wear protective clothing

#### Mete ekipman pou'w pwoteje tèt ou

Ou pa bezwen mete ekipman ki chè pou w anpeche likid vole sou kò'w, nan blese, oswa nan bouch ak nan je'w. Ou ka sèlman mete yon tably w. Pwoteje je'w ak linèt nòmalo swa linèt pwotèj. Kouvri pye w pou'w pa pile san oswa lòt likid. Lave tout rad ki sou ou apre san, dlo oswa lòt likid tombe sou yo.



Unsure of caption here.


Si'w pa gen ekipman/rad espesyal ki ka anpeche san ak lòt likid vole sou ou, li possib pou'w sèvi ak sa'w gen deja.

### Pran prekosyon ak zegwi

Si yon sereng te sèvi pou bay piki, oswa yon zegwi te sèvi pou koud kote ki te blese nan vaje an, konnen zegwi a gen san ladan li. Si zegwi sa a pike'w pa aksidan, ou gen chans pou w enfekte ak jèm. Lè w kenbe yon zegwi, pa kite tèt li bay sou ou. Pa kite zegwi ap drive atè. Sèvi ak yon zegwi yon sèl fwa; apre sa, voye li jete nan yon bwat tankou sa ki nan paj 68 la. Ou ka jwenn zegwi ki dwe sèvi yon sèl fwa san yo pa bezwen yon kouvèti. Si w dwe resèvi ak yon zegwi, mete bouchon an sou li ak prekosyon epi apre sa mete zegwi a nan yon bokit ki gen dlo pwòp melanje ak klowòks (wè paj 57) jiskaske ou pare pou'w netwaye li epi esterilize li.

### Kouman pou w evite pike tèt ou ak zegwi

???????



???????



???????




Pa sèvi ak men'w pou'w mete bouchon an sou zegwi a. Depreferans, sèvi ak zegwi a pou'w pran bouchon an. Apre sa, pouse bouchon an pou li ka fin antre nèt.

## Netwaye kote a ak kabann nan

### Netwaye kote a

#### Lakay

Youn nan rezon ki fè akouchman oswa pwosedi medikal ka fèt san danje lakay yon fanm menm jan ak nan yon sant sante se paske yon kay ki pwòp pa gen tout kantite move jèm ki gen nan yon lopital. Men kay la dwe pwòpte ak anpil prekosyon – sitou kote pitit la pral fèt la oswa kote w pral fè pwosedi tankou egzamen basen oswa mete sterile.



Retire tout pousyè ak salte ki kote a, e sa ki ka lave, lave yo avèk dlo ak savon. Mete zouti w yo ak materyèl pou akouchman an sou yon bagay ki pwòp.

Mete tout bèt ki nan kay deyò epi piga w fè okenn pwosedi medikal nan kote bèt konn kouche ak pou pou, ni kote moun konn pipi ak pou pou. Si atè andedan kay la fèt ak fimye (kaka bèt), pa kite kò fanm nan ni okenn nan zouti w yo touche atè. Fimye (kaka bèt) gen anpil jèm maladi ladan li ki ka enfekte fanm ansent byen fasil. Ou ka kouvri atè a avèk bagay ki pwòp tankou zèb, rad, oswa plastik.

#### Nan yon lopital, sant matènite, oswa dispansè

Pran anpil prekosyon. Jèm maladi ka soti sou yon moun pou ale sou yon lot fasilman. Apre chak akouchman, lave atè a ak sifas tout bagay. Si se posib, lave atè a ak dlo melanje nan klowòks (sodyòm ipoklorit).

#### Kouman pou w fè yon melanje ak 5% klowòks


Si klowòks la make:

##### 5% kantite klorin



Sèvi ak klowòks pi san melanj

##### 10% kantite klorin



sèvi ak yon pati dlo e yon pati klowòks

##### 15% kantite klorin



Sèvi ak 2 pati dlo e 2 pati klowòks

Prepare kantite w ap bezwen pou yon jou sèlman. Pa sèvi avèk li an demen. Li pap fò ase pou li detwi jèm yo ankò.



Si w pa gen klowòks, ou ka lave atè a avèk:

- etanòl (alkòl medikal) 70%
- alkòl Izopropil 70%
- idwojèn pewoksidin 6%
- dlo savon
- amonya

## Netwaye oswa esterilize (tout bagay sou) kabann nan

### Lakay

Lave dra pou kouvri kabann nan avèk dlo ak savon, epiepi kwoke yo pou yo seche nan solèy oswa repase yo. Pa tann dra kabann atè; l'ap ranmase jèm maladi.




### Nan lopital, sant matènite, oswa dispansè

Kabann nan dwe esterilize apre chak akouchman. Sèvi ak youn nan metòd sa yo pou detwi mikwòb yo:

- Lave tout bagay sou kabann nan avèk dlo ak savon. Apre sa, bouyi yo pou 30 minit. Seche yo byen seche nan yon kote ki pwòp

#### oswa

- Lave tout bagay sou kabann nan avèk dlo ak savon. Apre sa, repase yo avèk fè ki byen cho.



Si okenn nan metòd sa yo pa posib, lave tout bagay sou kabann nan avèk dlo ak savon epi kwoke yo nan solèy jiskaske yo byen seche. Apre sa vire yo nan solèy la pou solèy la ka klere sou tou de (2) bò; lè fini, pran prekosyon pou yo ka rete pwòp


### Sere tout bagay ki pou kabann nan pou yo pa pran mikwòb

Si'w pa pral sèvi ak bagay ki pou kabann nan toutswit, kenbe yo pwòp jiskaske w pre pou w sèvi avèk yo. Mete yo nan yon sache pwòp oswa double yo nan yon papye pwòp epi sere yo yon kote ki sèch e ki pwòp.

—● **Nòt:** Pa mete bagay kabann nan yo kote ki imid oswa ki mouye. Sa ap fè mikwòb yo tounen.

### Lòt kalite bagay pou mete atè a pou akouchman an

Gen de lè pa gen ni kabann ni twal pou akouchman an. Nan yon ka konsa, li bon pou w jwenn lòt bagay pou mete atè a pou pwoteje tibebe a ak manman an kont mikwòb ak salte ki atè a. Jwenn yon fason pou'w netwaye bagay sa yo anvan ou sèvi avèk yo. Pa egzanp, ou ka lave fèy banan ak yon melanje dezenfektan epi pase yo sou dife oswa seche yo nan solèy. Epi tou, ou ka bouyi epi seche ranyon ak moso sak.



## Netwaye ak esterilize zouti

Tout zouti ki sèvi nan yon akouchman, oswa nan yon pwosedi dwe netwaye epi esterilize. Netwayaj ak esterilizasyon zouti yo ede detwi mikwòb. Sa ede anpeche fanm yo pran maladi.

### 1. Tranpe zouti yo

Zouti ki fin sèvi dwe tranpe pou omwen 20 minit nan yon melanj ki gen klowòks (wè paj 57).

### 2. Netwaye zouti w yo

Tout zouti ak ekipman ou sèvi nan yon akouchman oswa nan yon pwosedi dwe netwaye. Lave yo byen apre chak akouchman; sèvi ak bwòs pou w retire tout kras san oswa salte ki nan fant oswa nan kwen zouti yo. Netwaye tout kote ki wouye, epi jete tout zouti ki paka sèvi byen oswa ki domaje. Pou'w ka pwoteje tèt w, mete gan ki pewe lè w'ap netwaye zouti yo. Apre tout bagay fin lave, tout zouti ki te sèvi andedan fanm nan dwe esterilize pou'w ka touye mikwòb yo



Carefully wash all the dirt off your tools.

### 3. Esterilize zouti yo

Esterilize zouti yo vle di detwi tout mikwòb ki sou yo. Si zouti yo esterilize, yo pap simaye mikwòb bay fanm ki sèvi avèk yo. Sa ap pwoteje fanm yo anba enfeksyon.

#### Kisa sa vle di lè nou pale de “esterilize”?

**Esterilize** vle di detwi tout mikwòb ki ka bay enfeksyon. Pou w esterilize yon zouti, ou dwe sèvi ak fou oswa ak bagay pou chode.


**Dezenfekte** vle di detwi pi fò mikwòb ki ka lakòz enfeksyon. Gen kèk savon ak pwodwi netwayaj ki rele “dezenfektan.” Sepandan, pou w dezenfekte zouti ak aparèy medikal ou pa ka lave yo avèk savon dezenfektan sèlman – ou dwe bouyi, chode, oswa tranpe zouti yo nan dezenfektan ki gen pwodwi chimik. Kalite dezenfeksyon sa a rele Dezenfeksyon de Wo Nivo (DWN).

Tout pwosedi ki bay nan liv sa a kapap fèt san danje avèk zouti ki swa esterilize oubyen DWN. Pou sa ka pi senp, nou sèvi avèk mo “esterilize” nan tout liv la. Sepandan, lè nou di ke yon zouti dwe esterilize, sa vle di tout bonvre ke li ka esterilize oswa DWN.

Ou dwe esterilize tout bagay ki prale andedan kò yon fanm, ki pral sèvi pou koupe pati nan kò li, oswa ki pral sèvi pou koupe lonbrit la apre akouchman an.


### Esterilize bagay sa yo:

- sereng ak zegwi (piki)
- sizo oswa jilèt/razwa pou koupe lonbrit la
- materyèl pou koud dechire (nan kò fanm nan)
- klanps oswa emostat
- gan
- twal gaz
- twal konprès



- sereng oswa bokal pou ranmase glè
- tib esterilè (wè paj 420)
- espekoulòm, nan kèk ka

**Nòt:** Ou pa bezwen esterilize zouti ki pral sèvi deyò kò moun. Estetoskòp, santimèt, ak machin pou pran tansyon dwe rete pwòp men yo pa bezwen esterilize.



Lè w esterilize yon zouti, mikwòb ki sou li yo mouri; avèk sa, pa gen danje pou sèvi avèk li. Men si zouti a touche ak nenpòt bagay (takou kabann nan, tab la, oswa w men'w!), li pa esterilize ankò. Mikwòb ki nan bagay li touche a rete sou li, epi mikwòb sa yo ka bay enfeksyon lè w sèvi ak zouti a.

Nan kèk paj ki


pral fini la yo, nou eksplike 5 fason pou w esterilize zouti: anfonnen (mete nan fou), presyon nan machin espesyal, bouyi, vapè, ak tranpe nan pwodwi chimik. Se anfonnen ak presyon nan machin espesyal ki pi bon – yo detwi pifò mikwòb. Si w paka sèvi ak okenn nan metòd sa yo, li akseptab e pou w bouyi, sèvi ak vapè oswa sèvi ak dezenfektan pwodwi chimik. Sèvi nan fason ki mache pi byen pou ou a.



**ATANSYON!** Si w pa ka esterilize zouti w yo, pa sèvi avèk yo. Zouti ki pa esterilize fè plis domaj ke byen.

### Mete nan fou (anfounen)

Sèvi ak fou pou esterilize zouti ki fèt an metal, ak fil pou mare kòd lonbrit la. Pa anfounen zouti an kawoutchou oswa an plastik; yo ap fonn.



Lave epi netwaye tout zouti'w yo byen, apre sa mete yo nan 4 kouch twal oswa papye près. Vlope enstriman yo andedan twal la epi mare li sere.



Mete pakèt zouti a oswa fil la nan yon kontenè oswa nan yon kaswòl.

Mete'l nan fou a sou 170°C oswa 340°F (nivo mwayen) pou in èd (1 è) tan.


Sa ap yon ti jan pi long ke kantite tan sa pran pou kwit yon pòm detè oswa yon patat. Si fou w'ap sèvi a paka cho ase, kite li nan fou a pou plis tan.

Kite pake a rafredi, apre sa sere li yon kote ki pwòp e ki pa mouye.

### Machin espesyal

Sèvi avèk machin espesyal pou esterilize zouti an metal, an kawoutchou oswa ekipman an plastik.

Gen kèk klinik ak lopital ki gen machin espesyal pou esterilize; yo rele machin sa a otoklav. Otoklav se yon machin ki sèvi avèk presyon e vapè pou esterilize enstriman. Si w gen yon presto ou ka esterilize zouti'w yo tankou nan yon otoklav.




Mete dlo ak yon ti panye a vapè nan presto a. Mete zouti yo nan ti panye a, kouvri presto a, epi mete presto a nan dife pou li bouyi.


Apre li koumanse byen bouyi, kite li bouyi nan 15 oswa 20 liv presyon pou 20 minit.

Apre zouti yo fin esterilize, kite yo seche. Pa manyen yo, osinon yo pap esterilize ankò.

Sèvi avèk pens, pikèt bwa, oswa kiyè ki esterilize pou retire zouti yo nan chodyè a. Mete yo dirèkteman nan yon kontenè ki esterilize. Chonje, si zouti a touche nenpòt bagay, menm si se men w, li pa esterilize ankò.



Kite zouti yo seche nan kontenè esterilize a. Kouvri kontenè a avèk yon twal oswa avèk yon papye ki esterilize pou evite salte.




Lè zouti yo fin seche, mete kouvèti a sou kontenè a epi fèmen li sere avèk adeziv oswa ak kèk lòt materyèl pou evite mikwòb antre ladan yo.

## Bouyi

Bouyi zouti yo pou'w ka esterilize sa yo ki an metal, an kawoutchou, oswa ekipman ki an plastik (takou sache pou ranmase glè), ak twal. Apre'w fin lave ak rense zouti yo, kouvri yo avèk dlo epi bouyi yo pou 20 minit. Kòmanse konte minit yo

After you wash and rinse your tools, cover with water and boil for 20 minutes.

Start counting the 20 minutes when the water starts boiling.



Sèvi avèk pens, pikèt bwa, oswa kiyè ki esterilize pou retire zouti yo nan chodyè a. Mete yo dirèkteman nan yon kontenè ki esterilize. Chonje, nenpòt sa w manyen pas esterilize ankò.

## Steaming


Sèvi ak chodyè a vapè pou esterilize zouti an metal, gan, ekipman an plastik, ak lot zouti. Yon chodyè a vapè gen 3 pati ki kole byen sere youn ak lòt: yon chodyè anba pou mete dlo a bouyi, yon chodyè nan mitan ki gen twou anba, epi yon kouvèti.

Bouyi yon ti dlo nan chodyè ki anba.

Mete zouti yo nan chodyè a vapè ki gen twou yo.

Kouvri l avèk kouvèti a. Kite l pran vapè nan dlo cho a pou 20 minit.

Kòmanse konte 20 minit la lè dlo a koumanse byenbouyi.






Tann zouti yo seche, apre sa sèvi avèk pens esterilize pou'w retire zouti yo soti nan chodyè a vapè a pou mete yo nan yon kontenè esterilize, epi fèmèn kontenè a byen sere.


Metòd vapè a sèvi avèk mwens dlo ke metòd bouyi a, epi zouti ki esterilize nan chodyè a vapè pa ni deranje ni kase vit tankou sa ki bouyi.

### Yon metòd ki soti nan peyi Filipin

Misyon Medikal Mè nan Filipin (Les Soeurs Des Mission Medicales des Phillipines) develope yon metòd a vapè pou esterilize zouti:





1. Mete zouti pwòp yo nan yon kabare an metal.




2. Mete kabare a nan yon pwelon.

3. Mete dlo nan pwelon an jiskaske dlo a rive nan mwaye kabare a




4. Kouvri pwelon an avèk 8 kouch fèy bannann vèt ki byen pwòp. Sèvi ak kòs fèy bannann pou kenbe fèy yo kole sere youn ak lòt. Lè w'ap fè sa, fè atansyon pou dlo pa tombe andedan kabare a.



5. Mete ti dife anba pwelon an epi kite l bouyi pou inèd (1 è) tan.

6 Jete premye kouch fèy banan yo. Ou ka sèvi ak youn nan kouch nan mitan yo pou w depoze enstriman yo.



### Sèvi ak pwodwi chimik

Gen moun ki sèvi ak pwodwi chimik pou esterilize zouti ak ekipman an metal, an kawoutchou, oswa an plastik. Nou pa rekòmande pou moun esterilize ak pwodwi chimik. Gen pwazon nan pifò pwodwi chimik moun sèvi pou esterilize. Yo se pwazon ni pou tè a ni pou dlo lè yo voye yo jete. Yo se pwazon pou moun kap travay nan faktori ki prepare yo, epi yo se pwazon pou moun ki sèvi avèk yo pou netwaye zouti. Sepandan, gen de zouti, se sèlman pwodwi chimik ki ka netwaye yo. Tèmomèt ak kèk kalite gan paka ale ni nan fou, ni bouyi, e yo paka pran vapè.





### Si w oblije sèvi avèk pwodwi chimik:

- Fè melanj ak klowòks ki nan paj 57 la.

**Oswa** Si w pa gen klowòks, sèvi ak youn nan pwodwi chimik sa yo:

- etanòl (alkòl medikal) 70%
- alkòl izopwopil 70%
- idwojèn pewoksid 6%

**Oswa** Si w paka jwenn okenn nan pwodwi chimik sa yo, ou mèt sèvi avèk:

- bwason alkòl ki byen fò tankou djin tranpe oswa kèk lòt bwason w ka jwenn nan zòn nan.


Asire w ke tout zouti yo netwaye byen pwòp anvan w esterilize yo avèk pwodwi chimik. Menm yon ti kras san oswa yon ti kras likid ki rete sou zouti a ka anpeche pwodwi chimik la gen efè. Pa sèvi ak pwodwi chimik pou esterilize zouti ki prale andedan matris la.

or

Tranpe li nan klowòks oswa nan pwodwi chimik dezenfektan pou omwen 20 minit.

Tranpe li nan bwason pou tout yon jounen.

Aprè li fin tranpe, jete pwodwi chimik la epi kite zouti yo seche.




**ATTANSYON!** Gloutaraldeyids ak fòmaldeyids (Glutaraldehydes & formaldehyde, nan lang angle) se pwodwi chimik ke nou kwè moun pa ta dwe janm sèvi paske yo twò danje.

Anpil dispansè ak lopital sèvi avèk yo pou esterilize, men yo toksik anpil. Pa egzanp, fòmaldeyids bay kansè. Chache jwenn yon lòt mwayen pou w esterilize. Si w sèvi avèk pwodwi chimik, pa kite yo touche ak kò w, epi mete gan lè w ap sèvi avèk yo. Pran anpil prekosyon lè w ap jete pwodwi chimik. Ou ka oblije jete klowòks oswa lòt pwodwi chimik nan latrin pou w ka asire w ke timoun ak bet pa mete yo nan bouch yo

### Kote pou sere zouti ak ekipman

Gen de akouchman kote w ap gen kont tan pou w esterilize zouti ak ekipman w yo lakay manman an. Men gen lòt akouchman kote w ka pa gen tan. Se pou tèt sa, eseye esterilize zouti w ak ekipman w yo lakay ou epi mete yo nan yon kontenè ki esterilize; kenbe yo menm kote ak lòt materyèl oi sèvi pou fè akouchman. Li pi bon pou w ta mete yo nan yon bwat an metal ki gen yon bouchon byen sere. Sèvi ak nenpòt nan metòd nou sot bay yo pou w ka esterilize yon kontenè ak bagay ou sèvi pou w retire ekipman w yo. Pa touche andedan kontenè a.




Si w paka jwenn yon konntenè konsa, vlope zouti ak ekipman yo nan 4 kouch twal oswa papye près anvan w esterilize yo. Epi kenbe zouti esterilize yo double jiskaské'w pre pou sèvi avèk yo. (Ou ka sèvi ak twal oswa papye près pou double zouti sèlman si w fin esterilize yo nan fou).

Chonje ke mikwòb renmen imidite, alò y'ap tounen ankò si'w sere zouti yo tou mouye. Men si w pral sèvi avèk zouti yo touswit, se pa yon pwoblèm si'w sèvi avèk yo pandan yo tou mouye. Mikwòb pran tan pou yo devlope.

## Ekipman ki bezwen swen espesyal

### Pake esterilize

Twal gaz, konprès, ak kèk lòt ekipman konn vini nan yon pake esterilize. Piske andedan pake a esterilize tou, ou mèt sèvi ak ekipman an san pwoblèm kou'w fin retire li nan pake a.




Men chonje: depi w fin retire yon bagay nan pake esterilize a epi w sèvi avèk li, oswa si pake a mouye osinon si li gen twou, ekipman an pa esterilize ankò.

Òdinèman, bagay ki vini nan pake esterilize ta dwe sèvi yon sèl fwa apre sa w voye li jete. Men gen kèk nan bagay sa yo ki ka sèvi ankò si yo netwaye byen pwòp epi yo esterilize chak fwa'w pral sèvi avèk yo. Gan ka bouyi oswa pase nan vapè. Twal gaz ak konprès ka lave epi bouyi oswa anfounen (pase nan fou).


### Tèmomèt

Lave tèmomèt la avèk savon epi rense i nan dlo fre ki pwòp anvan epi apre w sèvi avèk li. Pa sèvi ak dlo cho paske sa ka kraze tèmomèt la. Apre w fin lave'l, li pi bon pou'w mete tèmomèt la tranpe nan alkòl pou 20 minit. Ou ka sèvi avèk etil, izopwopil, oswa etanòl (alkòl medikal). Pa resèvi ak alkòl la.



### Razwa


Leplisouvan, razwa oswa jilèt pou koupe lonbrit vini andedan yon pake ki tou esterilize. Pou pake a ka rete esterilize, double li nan twal oswa papye ki pwòp, oswa mete li nan yon bwat ki pwòp. Si pake a mouye oswa li sal, li pa bon pou w sèvi ak razwa la amwens ke w esterilize li ankò.



Eseye pa resèvi ak yon razwa- men si'w oblije, ou dwe esterilize li anvan. Ou ka esterilize yon razwa/jilèt pa mwayen nenpòt nan metòd yo.

## Gan

Pifò gan plastik ka bouyi oswa pase nan vapè, men gen ladan yo kap tou dechire nan dlo a.



Only touch the inside of the glove.

Sèvi ak gan ki ka bouyi epi ki ka resèvi plizyè fwa. Anvan w bouyi gan yo oswa anvan'w pase yo nan vapè, vire pwayè a lanvè. Apre w fin esterilize yon gan, se pati anndan gan an pou w manyen. Si w manyen deyò gan an, li pap esterilize ankò. Si gan'w genyen yo pa ka bouyi, lave yo ak anpil prekosyon epi tranpe yo nan klowòks oswa nan alkòl medikal. Apre sa, rense yo nan dlo pwòp anvan w sèvi avèk yo ankò.

## Tib ak sereng pou glè

Lè'w lave yon tib/sereng ki sèvi pou rale glè, asire'w ke'w plen li ak dlo savon epi prije li pou dlo a soti. Fè sa plizyè fwa. Apre sa, rense li byen. Si w'ap bouyi tib / sereng glè a pou'w esterilize li, asire'w ke dlo a antre andedan tib la depi anvan li kòmanse bouyi epi prije li pou dlo a soti.



## Zegwi

Gen anpil moun ki pran maladi tankou epatit oswa 4VIH/SIDA paske yo sèvi ak zegwi ki pa esterilize.

## Sereng ki ka resèvi ak sereng ki pa ka resèvi


Gen sereng ki fèt pou resèvi plizyè e plizyè fwa. Sereng sa yo lakòz mwens dechè epi yo pèmèt nou sove lajan, men yo dwe lave ak anpil prekosyon epi yo dwe esterilize apre'w fin sèvi ak yo.

Gen lòt sereng ki fèt pou sèvi yon sèl fwa epi voye yo jete. Gen nan sereng sa yo ki ka demonte, bouyi oswa pase nan vapè, epi resèvi plizyè fwa. Men nou pa rekòmande sa, paske sereng ki pa esterilize byen ka simaye maladi.

Pa janm resèvi ak yon zegwi oswa yon sereng san'w pa netwaye ak esterilize li anvan!

### Kouman pou lave epi esterilize sereng ak zegwi ki pral ka resèvi

1. Mete yon pè gan nan men'w pou w ka pwoteje tèt ou kont mikwòb.
2. Rale 5% melanj klowòks (wè paj 57) ak zegwi a pou antre nan tib sereng nan.
3. Pouse melanj klowòks la soti nan zegwi a.
4. Refè sa plizyè fwa. Rense tout bagay plizyè fwa avèk dlo pwòp.
5. Dekole sereng nan ak zegwi a epi bouyi oswa mete yo nan vapè. (wè paj 62).




## CHONJE:



Si w pran yon sereng esterilize ki soti nan dlo bouyi . .



epi'w mete l nan pòch w. . .




Li pa esterilize ankò. Okontrè, li se yon danje!

## Jete dechè ak prekosyon

Aprè yon akouchman oswa yon pwosedi, gen 3 kalite dechè:

dechè kò



tankou san, pou pou, oswa placenta.

dechè file (ki ka blese)



tankou zegwi pou koud oswa sereng

lòt dechè



tankou plastik ak gan ki fin sèvi

Dechè sa yo gen mikwòb epi yo ka simaye enfeksyon bay ni ou menm ni moun nan fanmi'w ak lot moun nan kominote a.

### Dechè kò

Fason ki pi senp pou'w jete dechè ki soti nan kò se mete yo nan yon latrin oswa antere yo fon anba tè.

Gen anpil kominote kote fanmi an antere placenta la, pafwa ansanm ak kèk lòt bagay enpòtan.

Antere placental se yon koutim ki enpòtan pou anpil moun, epi tou se yon fason pou pwoteje kominote a anba jèm maladi ki ka devlope soti nan placenta la.




### Dechè file (ki ka blese)

W dwe mete dechè ki file nan yon konntenè pou yo ka pa blese moun. Konntenè ki pi bon se sa ki fèt ak metal oswa ak plastik pwès, ki gen yon kouvèti oswa ki ka kouvri ak adezif. Lè konntenè a mwatye plen, ajoute klowòks si se posib; apre sa fèmen li byen sere epi antere li byen fon anba tè (wè paj 68).



### Make a box to dispose of needles safely

Chache yon bwat an metal oswa ki fèt ak plastik pwès. Fè yon twou fon nan kouvèti bwat la; fè twou a laj nan yon bò men ki mens nan lòt bò a. Lè w fin sèvi ak yon sereng ki merite jete, mete zegwi a nan bwat la epi glise li ale sou bò ki mens la. Apre sa, rale sereng nan monte epi zegwi a ap tombe nan bwat la. Sereng an plastik la ka esterilize epi apre sa ou a jete l nan yon twou ki fèt pou dechè (li pi ba pou detay).



### Fè yon bwat pou jete zegwi ak prekosyon

Lè bwat la a mwatye plen, vide 5% melanj klowòks la dan li, fèmen li byen sere, epi antere li byen fon anba tè.

### Lòt dechè

Lòt dechè tankou gan plastik, tib sereng, oswa twal san dwe esterilize epi antere byen fon anba tè. Y'ap esterilize si'w tranpe yo nan klowòks pou 20.




**ATTANSYON!** Pa boule ni gan plastik, ni sereng, ni okenn lòt kalite plastik.

Boule dechè plastik se bagay ki danje – lè plastik ap boule, li fè lafimen ak sann ki se gwo pwazon.


### Antere dechè

Chache yon kote ki pa pre ak kote moun pran dlo pou yo bwè epi ki pa pre ak kote timoun jwe. Fouye yon twou ki fon epi antere dechè yo.



### Fòsdezans (twou) pou antere dechè sennesòf

1. Fouye yon twou ki 1 a 2 met laj ak 2 a 5 mè de pwofondè. Fon twou a dwe omwen 1½ mè anlè nivo dlo ki genyen anba tè a.
2. Kouvri andedan twou a avèk yon kouch ajil oswa yon kouch wòch ki gen omwen 10 santimèt epesè.
3. Fè yon bit tè toutotou bouch twou a pou dlo ka pa koule antre ladan l.
4. Fè yon kloti toutotou kot w fouye twou a pou w ka anpeche bèt antre.



Chak fwa'w mete dechè nan twou a, kouvri dechè a avèk 10 santimèt tè, oswa yon melanj tè ak sitwon. Sitwon ede dezenfekte tè a, epi sa ap anpeche bèt antre lè gen dechè nan twou a.

Lè dechè a monte rive ½ mè anba bouch twou a, kouvri li avèk tè epi bouche li avèk yon blòk ki gen omwen 90 santimèt depesè. Si twou a sèvi sèlman pou jete dechè medikal, san w pa mete lòt fatra ladan l, li pap plen twò vit.



### Fòsdezans pou fatra

Lè yo jete dechè nan yon fòsdezans ki fèt pou fatra, sa ka simaye enfeksyon kote a. Gen anpil kote moun ranmase bagay nan fatra pou yo vann, tankou sereng ki fin sèvi. Se yon bagay ki danjere ni pou moun ki ap ranmase bagay nan fatra, ni pou moun ki achte sereng pou resèvi.

Lè sereng yo pa fèt pou resèvi, jete yo ak anpil prekosyon. Si w oblije jete sereng sa yo nan fòsdezans ki fèt pou fatra, esterilize yo anvan, epi fèmen yo byen sere nan yon bwat oswa nan yon fèblan.

# Gwosès

## INTWODIKSYON

Tout fanm bezwen swen ak atansyon lè yo ansent. Yo rele sa swen prenatal oswa swen antenatal (swen anvan akouchman). Swen prenatal ka ede fanm ansent yo viv an pi bon sante avèk mwens pwoblèm lè akouchman an. Moun ki pou okipe de swen prenatal la se fanm ansent la li menm, fanmi li, kominote a. Ak fanmsaj la oswa yon lòt moun ki gen eksperyans nan ede fanm ansent.



Gen de kote, fanmsaj yo ede fanm yo sèlman lè yo gen Tranche oswa lè akouchman. Sak fè sa se paske leplisouvan, moun sèlman ale kay medsen fèy oswa kay doktè lè yo malad oswa lè yo gen yon pwoblèm. Piske leplisouvan fanm ansent la nòmal epi an bòn sante, se sak fè anpil moun pa panse ke swen prenatal se yon bagay enpòtan. Men pifò fanmsaj konnen ke fanm ki jwenn bon jan swen lè yo ansent gen plis chans pou yo akouche byen epi pou tibebe yo an bòn sante.



Laswenyay pandan gwosès gen de rezon:

1. Swiv epi koute fanm ansent la pandan w'ap egzaminen kò li pou chache bon ak move siy, pou'w mande li si li gen pwoblèm epi pou'w tande si li gen kesyon.
2. Aprann yon fanm kouman pou li viv an bòn sante nan peryòd gwosès la (pa egzanp, kouman pou li manje bagay ki bon pou la sante epi kouman pou li evite bagay ki danjere).

Fanmsaj yo dwe koumanse swen prenatal la sito fanm nan konnen li ansent, epi li dwe egzaminen fanm nan regilyèman pandan gwosès la. Reyinyon sa yo rele "tchèkòp." Si sa posib, chak fanm ansent dwe gen omwen 4 tchèkòp.

Plis tchèkòp ap ba w plis chans pou w pataje enfòmasyon ak prevni pwoblèm.

Epi tout fanm ki bay move siy maladi dwe fè tchèkòp pi souvan. Pati sa a divize an 3 chapit diferan

- Chapit 6 eksplike kalite chanjman yon fanm ka santi nan ko li lè li ansent.
- Chapit 7 eksplike kouman pou jwenn enfòmasyon sou istwa sante yon fanm nan premye tchèkòp la.
- Chapit 8 eksplike kouman pou egzaminen yon fanm pou chache bon siy ak move siy maladi nan chak tchèkòp.
- Nan foto anba a la medam yo ap mete siy reklam pou moun ansent vin cheche swen prenatal.

